



Konpayi ki distribye I: Filyal eksplwatasyon Cigna Corporation. Se Cigna Health and Life Insurance Company ki souskri prestasyon asirans yo.

kote se anplwaye a ki peye kotizasyon yo

ASIRANS POU MALADI KRITIK

REZIME SOU PRESTASYON YO

Li prepare pou: Vil Portland

Asirans pou maladi kritik la bay yon prestasyon lajab kach lè yon moun ki asire jwenn yon dyagnostik maladi kritik plan an kouvri oswa sibi yon evènman plan an kouvri pandan peryòd asirans lan anvigè. Gade varyasyon yo pou diferan Eta yo (ki endike ak yon *) anba a.

Kiyès ki ka chwazi asire:

Anplwayè w pral egzamine si ou menm, mari w oswa madanm ou, ak pitit ou yo kalifye.

Ou menm: Tout anplwaye ki aktif, ki travay aplentan oswa amitan pou anplwayè a, ki travay Ozetazini pou yon minimòm 18.75 èdtan chak semèn, ki abite Ozetazini, e ki sitwayen ameriken oswa etranje ki rezidan pèmanan Ozetazini, ansanm ak mari oswa madanm yo, moun yo viv avè l la ak pitit yo ki sou kont yo ki sitwayen ameriken oswa ki etranje ki rezidan pèmanan Ozetazini, e ki abite Ozetazini.

W ap kalifye pou jwenn asirans nan premye jou nan mwa ki koresponn oswa ki vin apre pwochen dat anbòch oswa dat sèvis aktif.

Mari w/madanm ou/moun ou viv avè l la: Jiska laj 100 lane, depi ou aplike pou asirans pou tèt ou epi yo apwouve w pou sa.

Pitit ou (yo): Ant nesans yo ak laj 26 lane; plis pase 26 lane si yo andikape, depi ou aplike pou asirans pou tèt ou epi yo apwouve w pou sa.

Asirans ki disponib:

Plan an ap peye montan prestasyon ki parèt yo, kèlkeswa depans ki fèt yo. Deskripsyon ki la yo pou prestasyon yo se rezime yo ye sèlman. Genyen kondisyon yo, varyasyon nan diferan Eta yo, ansanm ak esklizyon ak limitasyon ki aplike pou prestasyon sa yo. Tanpri li tout enfòmasyon yo nan rezime sa a ak sètfika asirans ou an pou jwenn plis enfòmasyon. Se yon maladi ki dwe lakòz tout maladi kritik plan an kouvri yo.

	Montan prestasyon yo	Montan y ap bay ki garanti
Anplwaye	\$5,000, \$10,000, \$20,000, \$30,000	Jis \$30,000
Mari oswa madanm	50% montan anplwaye a	Jis \$15,000
Pitit	50% montan anplwaye a, san wete pou maladi timoun.	Tout montan y ap bay ki garanti

Gade seksyon "Asirans y ap bay ki garanti" anba a pou jwenn plis enfòmasyon.

Pwoblèm sante plan an kouvri yo	Montan prestasyon yo
Pwoblèm kansè	

Kansè po*	\$750 1x nan lavi
-----------	-------------------

Pwoblèm sante plan an kouvri yo	% montan prestasyon inisyal la	% montan prestasyon inisyal la pou maladi ki retounen
Kansè envazif	100%	100%
Kasinòm in situ	25%	25%
Pwoblèm vaskilè		
Kriz kadyak	100%	100%
Stwok	100%	100%
Kowonawopati	25%	25%

Pwoblèm sante plan an kouvari yo	% montan prestasyon inisyal la	% montan prestasyon inisyal la pou maladi ki retounen
Pwoblèm nan sistèm nèvè		
Maladi Alzheimer nan etap avanse	25%	Pa disponib
Esklewoz lateral amyotofik (ALS)	25%	Pa disponib
Maladi Parkinson	25%	Pa disponib
Esklewoz an plak	25%	Pa disponib
Maladi Alzheimer nan etap lejè	25%	Pa disponib
Maladi Huntington	25%	Pa disponib
Myateni gravis	25%	25%
Pwoblèm timoun*		
Enfimite motris serebral	100%	Pa disponib
Fibwoz sistik	100%	Pa disponib
Distwofi miskilè	100%	Pa disponib
Polyomyelit	100%	Pa disponib
Lòt pwoblèm sante		
Timè nan sèvo ki benen	100%	100%
Sesite	100%	Pa disponib
Koma	100%	100%
Ensifizans renal tèminal	100%	100%
Defayans viseral majè	100%	100%
Paralizi	100%	100%
Pèt kapasite pou tandé	100%	Pa disponib
Pèt kapasite pou pale	100%	Pa disponib
Pwoblèm ki parèt akoz aktivite travay yo		
Epatit B ki parèt akoz aktivite travay yo	100%	100%
Epatit C ki parèt akoz aktivite travay yo	100%	100%
VIH ki parèt akoz aktivite travay yo*	100%	Pa disponib
Pou pwoblèm timoun yo, tanpri gade kòmansman seksyon sou asirans ki disponib la pou jwenn detay sou sa ki disponib pou timoun ki asire yo.		
Prestasyon pou tretman byennèt, tès depistaj sante ak swen prevansyon*	Montan prestasyon yo	
Plan an ap peye montan prestasyon ki parèt yo, kèlkeswa depans ki fèt yo. Montan sa yo aplike chak jou. Sa gen ladan / vaksen, tès ak depistaj pou COVID-19 la. Swen vityèl yo aksepte.	\$50 1 chak ane	
Prestasyon		
Prestasyon inisyal pou maladi kritik	Prestasyon pou yon dyagnostik pasyan an jwenn anvan dat asirans lan antre anvièg a pou chak pwoblèm sante plan an kouvari ki endike anwo a. Montan plan an ka peye a pou chak pwoblèm sante plan an kouvari se montan prestasyon inisyal la ki mitikiye pa pousantaj ki endike a. Plan an ap peye pou chak pwoblèm sante plan an kouvari yon fwa pou chak moun ki asire, san li pa depase limit maksimòm pou lavi a. Yon peryòd 180 jou dwe separé dat dyagnostik yo.*	
Prestasyon pou maladi ki retounen	Prestasyon pou yon dyagnostik pou yon pwoblèm sante ki parèt pi devan e ki menm pwoblèm ak yon pwoblèm sante plan an kouvari kote plan an te deja peye yon prestasyon inisyal pou maladi kritik. Plan an ka peye pou sa si yon peryòd 12 mwa separé li ak yon pwoblèm sante plan an kouvari ki te parèt deja, depi li pa depase limit maksimòm pou lavi a.	
Prestasyon pou kansè po	Plan an peye prestasyon ki endike anwo a.	

Karakteristik pòtabilité: Tout moun ki asire yo ka rete asire a 100% lè kontra asirans lan fini. Se pou asire anba kontra a epi se pou w gen mwens pase 100 lane pou w kenbe asirans lan. Tarif yo gendwa chanje epi tout kontra asirans yo fini lè ou rive nan 100 lane. Sa aplike pou sitwayen ameriken yo ak etranje ki rezidan pèmanan yo ki abite Ozetazini.

Sa asirans lan koute chak semèn pou anplwaye a:

Montan prestasyon yo: \$5,000

Laj	Anplwaye	Anplwaye + mari/madanm	Anplwaye + pitit li (yo)	Anplwaye + fanmi
<25	\$0.48	\$0.87	\$0.87	\$1.25
25 rive 29	\$0.51	\$0.91	\$0.90	\$1.29
30 rive 34	\$0.61	\$1.08	\$0.99	\$1.47
35 rive 39	\$0.78	\$1.36	\$1.16	\$1.75
40 rive 44	\$0.94	\$1.65	\$1.32	\$2.03
45 rive 49	\$1.28	\$2.21	\$1.67	\$2.60
50 rive 54	\$1.82	\$3.03	\$2.20	\$3.41
55 rive 59	\$2.50	\$4.11	\$2.88	\$4.49
60 rive 64	\$3.12	\$5.16	\$3.50	\$5.55
65 rive 69	\$3.84	\$6.31	\$4.22	\$6.70
70 rive 74	\$5.12	\$8.50	\$5.50	\$8.88
75 rive 79	\$6.90	\$11.20	\$7.29	\$11.58
80 rive 84	\$7.29	\$13.10	\$7.68	\$13.49
85 rive 89	\$12.04	\$18.93	\$12.42	\$19.32
90 rive 94	\$12.04	\$18.93	\$12.42	\$19.32
95 oswa plis	\$12.04	\$18.93	\$12.42	\$19.32

Montan prestasyon yo: \$10,000

Laj	Anplwaye	Anplwaye + mari/madanm	Anplwaye + pitit li (yo)	Anplwaye + fanmi
<25	\$0.97	\$1.73	\$1.74	\$2.50
25 rive 29	\$1.02	\$1.82	\$1.79	\$2.59
30 rive 34	\$1.22	\$2.17	\$1.99	\$2.94
35 rive 39	\$1.56	\$2.73	\$2.33	\$3.50
40 rive 44	\$1.87	\$3.30	\$2.64	\$4.07
45 rive 49	\$2.56	\$4.42	\$3.33	\$5.19
50 rive 54	\$3.63	\$6.06	\$4.40	\$6.83
55 rive 59	\$5.00	\$8.21	\$5.77	\$8.98
60 rive 64	\$6.23	\$10.32	\$7.00	\$11.09
65 rive 69	\$7.68	\$12.62	\$8.45	\$13.39
70 rive 74	\$10.23	\$17.00	\$11.00	\$17.77
75 rive 79	\$13.80	\$22.40	\$14.57	\$23.17
80 rive 84	\$14.58	\$26.20	\$15.35	\$26.97
85 rive 89	\$24.08	\$37.86	\$24.85	\$38.63
90 rive 94	\$24.08	\$37.86	\$24.85	\$38.63
95 oswa plis	\$24.08	\$37.86	\$24.85	\$38.63

Montan prestasyon yo: \$20,000

Laj	Anplwaye	Anplwaye + mari/madanm	Anplwaye + pitit li (yo)	Anplwaye + fanmi
<25	\$1.93	\$3.47	\$3.47	\$5.00
25 rive 29	\$2.04	\$3.64	\$3.59	\$5.18
30 rive 34	\$2.43	\$4.33	\$3.97	\$5.87
35 rive 39	\$3.12	\$5.45	\$4.65	\$6.99
40 rive 44	\$3.75	\$6.59	\$5.28	\$8.13
45 rive 49	\$5.12	\$8.84	\$6.66	\$10.38
50 rive 54	\$7.26	\$12.12	\$8.80	\$13.65
55 rive 59	\$10.00	\$16.43	\$11.53	\$17.97

Laj	Anplwaye	Anplwaye + mari/madanm	Anplwaye + pitit li (yo)	Anplwaye + fanmi
60 rive 64	\$12.46	\$20.64	\$14.00	\$22.18
65 rive 69	\$15.35	\$25.24	\$16.89	\$26.78
70 rive 74	\$20.46	\$33.99	\$22.01	\$35.53
75 rive 79	\$27.61	\$44.80	\$29.15	\$46.33
80 rive 84	\$29.16	\$52.40	\$30.70	\$53.94
85 rive 89	\$48.16	\$75.72	\$49.70	\$77.27
90 rive 94	\$48.16	\$75.72	\$49.70	\$77.27
95 oswa plis	\$48.16	\$75.72	\$49.70	\$77.27

Montan prestasyon yo: \$30,000

Laj	Anplwaye	Anplwaye + mari/madanm	Anplwaye + pitit li (yo)	Anplwaye + fanmi
<25	\$2.90	\$5.20	\$5.21	\$7.50
25 rive 29	\$3.07	\$5.46	\$5.38	\$7.77
30 rive 34	\$3.65	\$6.50	\$5.96	\$8.81
35 rive 39	\$4.67	\$8.18	\$6.98	\$10.49
40 rive 44	\$5.62	\$9.89	\$7.93	\$12.20
45 rive 49	\$7.68	\$13.26	\$9.99	\$15.58
50 rive 54	\$10.89	\$18.17	\$13.20	\$20.48
55 rive 59	\$15.00	\$24.64	\$17.30	\$26.95
60 rive 64	\$18.69	\$30.96	\$21.00	\$33.27
65 rive 69	\$23.03	\$37.86	\$25.34	\$40.17
70 rive 74	\$30.70	\$50.99	\$33.01	\$53.30
75 rive 79	\$41.41	\$67.20	\$43.72	\$69.50
80 rive 84	\$43.75	\$78.60	\$46.05	\$80.92
85 rive 89	\$72.24	\$113.59	\$74.55	\$115.90
90 rive 94	\$72.24	\$113.59	\$74.55	\$115.90
95 oswa plis	\$72.24	\$113.59	\$74.55	\$115.90

Kou yo gendwa chanje. Prim ou gen pou peye a nan chak peryòd ka yon ti jan diferan poutèt nou awondi montan yo. Estrikti tarif yo anba kontra a baze sou laj moun nan vin genyen an. Sa vle di prim nan gendwa ogmante si laj ou ogmante.

Dispozisyon ak definisyon ki enpòtan nan kontra a:

Moun ki asire: Moun ki kalifye e ki enskri pou gen asirans anba kontra a.

Pèti ki kouvri: Yon pèti ki endike nan kontra a, nan lis prestasyon yo, depi moun ki asire a sibi pèti sa a pandan peryòd ki dekri nan kontra a.

Ki lè asirans ou an kòmanse: Asirans lan kòmanse fonksyone nan dat ki tonbe pi ta nan dat sa yo: nan dat pwogram nan antre anvige a, nan dat ou vin kalifye a, nan premye jou nan mwa ki vin apre dat nou resevwa fòm enskripsyon ou te ranpli a, oswa, si nou bezwen yon prèv ki montre ou ka asire, nan premye jou nan mwa apre nou apwouve w (oswa apre nou apwouve moun ki sou kont ou a) pou jwenn yon asirans alekri, sof si Cigna endike yon lòt dat. Asirans ou an pa p kòmanse fonksyone si w pa p travay nan dat li sipoze antre anvige a. Tout lòt moun ki asire yo pa p benefisyé asirans lan nan dat li sipoze antre anvige a si moun ki asire a entène lopital, si li entène nan yon etablisman oswa si li oblije ret lakay li, si li andikape epi li resevwa prestasyon pou andikap, oswa si li pa kapab fè aktivite li gen pou fè chak jou yo.

Ki lè asirans ou an fini: Asirans lan fini nan dat ki tonbe anvan nan dat sa yo: nan dat ou menm ak moun ki sou kont ou yo vin pa kalifye ankò, nan dat kontra gwoup la pa anvige ankò, nan dènye dat peryòd ou te peye yon prim pou li a. Pou moun ki sou kont ou yo, asirans lan fini lè asirans pa w lan fini, lè ou pa peye prim yo oswa lè yo vin pa kalifye ankò. (Nan kék ka, asirans ou an gendwa kontinye. Veye pou w li dispozisyon yo nan sètifica w pou konnen nan ki sikostans asirans ou an gendwa kontinye.)

Dwa pou egzamine sètifica a pandan 30 jou: Si yon moun ki asire pa satisfè ak sètifica asirans lan pou kèlkeswa rezon an, li gendwa voye l tounen ban nou nan lespas 30 jou apre li resevwa li. N ap remèt nenpòt prim ou te gentan peye epi sètifica a pa p valid, kòmsi nou pa t janm voye li.

Rediksyon nan prestasyon yo, esklizyon ak limitasyon ki komen:

Esklizyon: Anplis nenpòt esklizyon ki aplike pou yon prestasyon patikilye, plan an pa p peye okenn prestasyon pou yon pèti plan an kouvri si se nenpòt nan bagay ki vin annapre yo ki lakòz pèti la oswa yon pati nan pèti la, yon fason ki dirèk oswa ki endirèk:

- blesi yon moun fè espre bay tèt li, suisid oswa tantativ suisid, kit tèt moun nan byen, kit tèt li pati;
- atake yon moun oswa komèt yon krim, oubyen eseye fè bagay sa yo;
- yon gè oswa yon zak gè ki deklare oswa ki pa deklare;
- yon pèti plan an kouvri moun nan sibi poutèt li travay nan lame, nan lamarin oswa nan avyasyon nan nenpòt peyi oswa ôganizasyon entènasyonal (lè nou resevwa yon prèv sèvis, n ap ranbouse nenpòt prim moun nan te peye pou peryòd sa

a; sa gen ladan I antrènman nan fòs rezèv yo oswa nan Gad Nasyonal la, sof si antrènman sa a fèt pandan plis pase 31 jou); • vale nènpòt dwòg, pwazon, gaz oswa lafimen yon fason ki volontè, sof si se selon enstriksyon yon doktè e selon dòz ki sou preskripsyon an; • kondui nènpòt kalite veyikil anba enfiliyans alkòl oswa dwòg oswa lòt sibstans ki entoksike moun nan (nan esklizyon sa a, ekspresyon "anba enfiliyans alkòl" la vle di entoksike selon definisyon ki nan Iwa Eta kote pèt plan an kouvari a te fèt la); • yon dyagnostik ki depaman ak prensip medikal yo aksepte anjeneral yo Ozetazini nan lè yo bay dyagnostik la.

Definisyon patikilye, prestasyon ki eskli ak limitasyon:

Kansè po, kasinòm bazoselilè/epidèmoyid oswa kèk kalite melanòm.

Kansè envazif, lè selil envazif malen yo kwat oswa gaye san kontwòl/yon fason ki pa nòmal. Sa pa gen ladan I pwoblèm pre-malen oswa pwoblèm ki gen rapò ak kansè in situ malen potansyèl, kasinòm bazoselilè, kasinòm epidèmoyid nan po a, sot si yon maladi metastatik devlope, melanòm ki dyagnostike ak Clark nivo I oswa II oswa ak Breslow ki mwens pase 0.75 mm, oswa melanòm in situ, oswa timè pwostat ki klasifye antanke T-1a, b oswa c, N-0 ak M-0 sou yon echèl klasifikasyon TNM. Epitou, sa pa gen ladan I yon maladi ki retounen oswa yon metastaz pou yon kansè ki te la dejà e ki te dyagnostike anvan dat asirans lan antre anvigè a si moun ki asire a te resevwa yon tretman pou kansè sa a nan 12 mwa apre li te jwenn dyagnostik kansè a pandan li te gen asirans sa a.

Kasinòm in situ, timè malen ki pa envazif. Sa pa gen ladan I pwoblèm pre-malen oswa pwoblèm ki gen rapò ak kansè po potansyèl, kansè envazif (kasinòm bazoselilè/epidèmoyid oswa melanòm/melanòm in situ).

Kriz kadyak, ki gen ladan I sa ki vin annapre a pou konfime pèt fonksyon mis kè a yon fason ki pèmanan: 1) tès EKG; 2) elevasyon anzim kadyak.

Stwok, aksidan vaskilè serebral, pa egzanp emoraji serebral, ki konfime pa mwayer etid newo-imajri, ak defisit newolojik ki dire 96 èdtan oswa plis. Sa pa gen ladan I aksidan icémik tranzitwa (TIA), blesi nan sèvo akoz yon chòk oswa yon enfeksyon, blesi nan sèvi ki mache ak ipoksi oswa anoksi, maladi vaskilè ki afekte je a oswa nè optik la, oubyen pwoblèm icémik nan sistèm vestibilè a.

Kowonawopati, maladi kè/anjin ki mande yon pontaj awotokowonaryen, selon sa yon doktè preskri. Sa pa gen ladan I anjyoplasti (entèvansyon kowonè pèkitane) ak enplantasyon stent.

Maladi Alzheimer nan etap avanse, pwoblèm sante ki dejenere ki atake selil nèye yo nan sèvo a e ki lakòz defisit koyitif ki fè moun nan pa ka fè aktivite enpòtan li bezwen fè nan lavi chak jou a poukонт li e ki ka anpeche I fè omwen 2 aktivite fizik li bezwen fè nan lavi chak jou a.

Esklewoz lateral amyotwofik (ALS oswa maladi Lou Gehrig), maladi newòn motris ki lakòz feblès nan mis yo ak atwofi.

Maladi Parkinson, maladi newolojik ki pwogresif e ki dejenere, e ki mache ak sentòm ki endike maladi a la.

Esklewoz an plak, maladi ki domaje selil yo nan sèvo a ak nan kolòn vêtebral la, ak defisit motè oswa sansyorèl ki konfime pa mwayer yon MRI. Sa gen ladan I newomyelit optik ak myelit transvès.

Maladi Alzheimer nan etap lejè, pwoblèm sante ki dejenere ki atake selil nèye yo nan sèvo a e ki lakòz defisit koyitif ki fè moun nan pa ka fè aktivite li bezwen fè nan lavi chak jou a poukонт li e ki fè li bezwen èd pou fè omwen 2 aktivite fizik enpòtan li bezwen fè nan lavi chak jou a.

Maladi Huntington, pwoblèm sante pwogresif ki detwi selil nèye yo nan sèvo a e ki lakòz 1) kore; 2) de nan bagay sa yo: mouvman envelopté/ki antrave, pwoblèm koyitif oswa sikhatrik.

Myasteni gravis, maladi newomiskilè oto-imin ki fè moun nna pa gen kontwòl sou mis li yo ankò.

Enfimite motris serebral, blesi oswa anomalie nan sèvo a ki parèt nan lespas 24 èdtan apre nesans lan e ki lakòz pwoblèm devlopman nan sèvo a.

Fibwoz sistik, maladi pwogresif ki afekte glann egzokrin yo.

Distwofi miskilè, maladi pwogresif ki anpeche mis yo fòme jan yo sipoze fòme a.

Polyomyelit, maladi enfeksyé egi ki parèt akoz polyoviris la e ki mache ak sentòm ki endike maladi a la. Sa pa gen ladan I polyo ki pa paralitik la ni sendwòm pòs-polyo a.

Timè nan sèvo ki benen, selil anòmal ki pa bay kansè nan sèvo a.

Sesite, rediksyon vizyon nan toule de je yo san pwoblèm sa a pa ka rezoud; pi bon akuite vizyèl nan yon sèl je ki korije a mwens pase 20/200 (tès E) oswa 6/60 (metrik), oswa redikzyon chan vizyon an (nan toule de je yo) nan 20 degre oswa mwens. Li ka nesesè pou se yon maladi ki lakòz pèt la.

Koma, eta enkonsyans ki dire omwen 96 èdtan suivi. Sa pa gen ladan I eta enkonsyans ki entansyonèl oswa eta enkonsyans yon doktè pwovoke lè yo kapab reveye moun ki asire a. Li ka nesesè pou se yon maladi ki lakòz pèt la.

Ensifizans renal tèminal, pèt fonksyon ki kwonik e ki pa ka rezoud nan toule de ren yo. Li mande emodializ oswa dyaliz peritoneyal.

Defayans viseral majè, ki afekte: fwa a, poumon yo, pankreyas la, ren yo, kè a oswa mwèl zo a. Li ka rive lè yo preskri oswa yo rekòmande yon transplantasyon, lèfini yo mete pasyan an sou lis UNOS la. Si moun ki asire gen yon transplantasyon konbine (p. eg. kè a ak poumon yo), se yon sèl prestasyon plan an ap peye. Plan an pa p peye okenn prestasyon pou maladi ki retounen pou menm ògàn li te dejà peye pou prestasyon pou li a.

Paralizi, pèt ki konplè e ki pèmanan nan itilizasyon de oswa plis manm kò a akoz yon maladi. Sa pa gen ladan I pèt pasyan an sibi akoz yon stwok oswa akoz esklewoz an plak. Li ka nesesè pou se yon maladi ki lakòz pèt la.

Pèt kapasite pou tandé, pèt kapasite pou tandé ki pèmanan nan toule de zòrèy yo; pèt ki plis pase 90 dB HL. Li ka nesesè pou se yon maladi ki lakòz pèt la.

Pèt kapasite pou pale, pèt kapasite pou pale ki pèmanan e ki pa ka korije atravè lòt metòd. Sa pa gen ladan I pèt pasyan sibi akoz yon pwoblèm sante ki endike (tankou maladi Alzheimer). Li ka nesesè pou se yon maladi ki lakòz pèt la.

Pwoblèm ki parèt akoz aktivite travay yo, dyagnostik enfeksyon ki la akoz yon kontak ak likid byolojik ki kontamine pa aksidan. Ekspozisyon an dwe fèt pandan aktivite travay nòmal yo nan metye moun ki asire a konn fè regilyèman an. Sa pa gen ladan I enfeksyon moun pran akoz medikaman yo enjekte nan venn li ni enfeksyon moun pran nan rapò seksyèl.

Asirans ki garanti:

Si w fèk anboche, ou pa oblige bay yon prèv ki montre ou an sante si w enskri pandan peryòd datant pou kalifikasyon anplwayè w la, lèfini ou chwazi yon montan asirans ki rive nan montan y ap bay ki garanti a oswa ki mwens. Si w aplike pou yon montan asirans ki plis pase montan y ap bay ki garanti a, konpayi asirans lan pa p ba w asirans lan pou plis pase montan y ap bay ki garanti a toutotan li pa apwouye yon prèv ki montre ou an sante. Asirans ki garanti a gendwa disponib pandan lòt peryòd ki endike. Anplwayè w pral fè w konnen ki lè peryòd sa yo disponib. Mari w oswa madanm ou dwe gen 18 lane oswa plis pou l aplike si yo mande yon prèv ki montre li ka asire.

***Varyasyon nan Eta yo**

Definisyon mari/madanm nan gen ladan I patnè nan inyon sivil yo nan New Hampshire ak Vermont, men li pa gen ladan I patnè nan inyon sivil yo nan Idaho. **Maladi ak evènman kritik plan an kouvri yo**, plan an pa kouvri VIH moun pran nan kad aktivite travay yo pou rezidan CA yo. Prestasyon pou kriz kadyak yo disponib pou rezidan AK yo. Li posib pou se pa tout pwoblèm sante ki endike yo ki disponib, epi **definisyon patikilye, prestasyon ki eskli ak limitasyon** yo pou kék nan pwoblèm sante yo ka diferan pou rezidan ID, MD, NH, OR ak WA yo. Fason yo rele **pòtabilité** nan TX ak VT se kontinyasyon akoz moun nan vin pa kalifye ankò. Kondisyon sou pòtabilité yo ka diferan pou rezidan UT, TX ak VT yo. **Esklizyon** yo ka diferan pou rezidan ID, LA, MN, NC, NH, SC, SD, VT, TX ak WA yo. **Prestasyon pou viv an sante ak tretman byennèt, tès depistaj sante oswa swen prevansyon** - Prestasyon swen prevansyon yo ka pa disponib pou rezidan NC yo. Prestasyon pou Covid-19 yo pa disponib pou rezidan NH yo. Dat asirans lan antre anvigè a pa p repòte pou pi ta pou rezidan TX yo si yo resevwa chimioterapi oswa radyoterapi, lèfini repò dat la gen rapò ak yon andikap oswa ak aktivite ki pou fèt nan lavi chak jou yo epi li aplike pou mari/madanm nan sèlman. Pou rezidan ID, NH ak WA yo, dat asirans lan antre anvigè a pa p repòte pou pi ta poutèt moun nan pa ka fè aktivite ki pou fèt nan lavi chak jou yo.

Seri 1.0

Kondisyon pou asirans pou maladi kritik yo defini nan kontra gwoup nº CI110595. Dokiman sa a pa bay yon deskripsiyon tout sa asirans lan kouvri a. Dokiman sa a pa yon kontra. Tanpri konsilte esponnsò plan w lan pou jwenn yon kopi kontra gwoup la. Si genyen diferans ant rezime sa a ak kontra gwoup la, se enfòmasyon ki nan kontra gwoup la ki gen priyorite. Disponibilite pwodui yo, prestasyon yo, sipleman yo, pwoblèm plan an kouvri yo, dispozisyon ki nan kontra yo ak/oswa karakteristik yo gendwa diferan selon Eta a. Tanpri kenbe dokiman sa a pou l sèvi w referans.

KONTRA SA A PEYE PRESTASYON KI LIMITE SÈLMAN. LI PA YON ASIRANS SANTE KONPLÈ NI LI PA PEYE POU TOUT DEPANS MEDIKAL YO. ASIRANS SA A PA RANPLI KONDISYON YO BAY POU YON "ASIRANS ESANSYÉL MINIMÒM" NI YO PA RANPLI KONDISYON KI NAN LWA YO RELE AFFORDABLE CARE ACT (ACA). ASIRANS SA A PA YON ASIRANS SIPLEMAN MEDICAID NI MEDICARE.

Disponibilite pwodui yo ka diferan selon kote a ak kalite plan an, epi li kapab chanje. Tout kontra asirans gwoup yo ka mache ak esklizyon, limitasyon, rediksyon nan prestasyon yo, ak kondisyon ki ka fè kontra a rete anvigè oswa ki ka fè l kanpe. Pou jwenn detay sou sa asirans lan koute ak sa li kouvri a, egzamine dokiman plan w yo. Se filyal eksplwatastyon Cigna Corporation yo ki distribye kontra yo oswa se atravè filyal sa yo kontra yo distribye, epi se Cigna Health and Life Insurance Company (Bloomfield, CT) ki jere e ki asire kontra yo. Non, logo ak lòt mak Cigna yo se pwopriete Cigna Intellectual Property, Inc. yo ye.